

# Inzira Ija Ku Mana





©2012 ya World Missionary Press, Inc. Ishusho yo ku gipfukisho yakozwe na Edwin B. Wallace. Meryl Esenwein yakoze ayo kuri iyi page no kuri pages 10, 12, 14, 16, 27, 29, 39, 41, 42, 44, 46, 47 na 48. Imirongo yo muri Bibiliya yavuye muri Bibiliya Yera ya 1967, © British and Foreign Bible Society.

# **IMANA YAREMYE IYI SI YACU N'IBIFISE UBUGINGO VYOSE**

**1**

**Ubwa mbere na mbere Imana yaremye ijuru n'isi.**

–Itanguriro 1:1

**Kuko muri we ari ho vyose vyaremewe, ivyo mw ijuru  
n'ivyo mw isi....**

–Ab'i Kolosayi 1:16

**Muhawe umugisha n'Uhoraho, yaremye ijuru n'isi.  
Amajuru n'amajuru n'ay' Uhoraho, ariko isi yayihaye  
abana b'abantu.**

–Zaburi 115:15, 16

Isi yari itunganye rwose igihe Imana yayihereye abantu.  
Komeza usome mur' aka gatabo kugira ngo umenye ivyabaye  
inyuma y'aho.



Imana iravuga iti: Tureme umuntu mw ishusho yacu, ase  
natwe; aganze...n'isi yose....

-Itanguriro 1:26

## **UMUNTU YABAYE UWUFISE UBUGINGO 3**

**Uhoraho Imana abumba umuntu mu mukungugu wo hasi, amuhumekera mu mazuru impwemu y'ubugingo; umuntu aca aba uwufise ubugingo\*. –Itanguriro 2:7**

**Uhoraho Imana aravuga ati: Si vyiza k'uyu muntu yibana wenyene; hinga ndamuronderere umufasha bi-kwiranye.... Maze Uhoraho Imana asinziriza uwo muntu ubutikoma, arasinzira; amukuramwo urubavu rumwe, ahomeka inyama mu gishingo carwo. Urwo rubavu Uhoraho Imana akuye mur' uwo muntu, arukuramwo umugore, amuzanira uwo muntu. –Itanguriro 2:18, 21, 22**

**\*Kugira ubugingo n'ukuvuga ko tuzobaho ibihe bidashira.**

# 4 ADAMU NA EVA NTIBUMVIYE IMANA



Nta ho dukwiye kwumvira ijwi rya Satani.

**Uhoraho Imana ajana wa muntu, amushira mur' iryo 5  
tongo ryo muri Edeni, ngo aririme, arizigame. Uhoraho  
Imana abarira uwo muntu ati: Igiti cose co mur' iryo tongo  
ukiryeko uko ugomba; ariko igiti kimenyekanisha iciza  
n'ikibi ntuze ukiryeko: kuko umusi wakiriyeko, uzopfa nta  
kabuza.**

**–Itanguriro 2:15-17**

**INZOKA, YITWA KANDI UMURWANIZI CANKE SATANI, YAKE-  
KERANIJE UBUBASHA BW'IMANA, IKONGERAKO IBESHA.**

**Iyo nzoka yishura uwo mugore iti: Haba n'intete ntimu-  
zopfa. Uwo mugore abonye ico giti yuko ari ikibereye  
kuribwa, kandi ko gihimbaye mu jisho, ari igiti co kwifu-  
zwa kimenyeshya ubwenge, yamura ku vyo camye, arabi-  
rya, ahako n'umugabo wiwe...na we ararya.**

**–Itanguriro 3:4, 6**

# ADAMU NA EVA BABUJIJWE KUGUMA MURI EDENI



...Uhoraho Imana amukura mur' iryo tongo ryo muri Edeni, ngo aje kurima ivu yakuwemwo.... Ahashira abakerubi, bo n'inkota yaka umuriro... ngo itangire inzira ija kuri ca giti c'ubugingo.

—Itanguriro 3:23, 24



# UMUSI ADAMU NA EVA BACUMUYEKO WABEREYE ABANTU BOSE UMUSI W'UMUBABARO

7



...Nk'uko icaha cazanywe mw isi n'umuntu umwe, urupfu rukazanwa n'icaha, ni ko urupfu rushika ku bantu bose....

—Abaroma 5:12

**Ikintu Dukwiye Kwibuka**

**Umuntu wese avukana kameremere k'icaha, kandi hazoza igihe azopfira kuko urupfu rwazanywe n'icaha.**

# 8 IMIGABO Y'IMANA YO KUDUKIZA IVYAHA YARI UGUTUMA UMWANA WAYO W'IKINEGE



**Azovyara umwana  
w'umuhungu, nawe uze  
umwite YESU, kuko ari  
we azokiza abantu biwe  
ivyaha vyabo.**

**–Matayo 1:21**

**Kugira ngo abe umuntu, Umwana w'Imana  
yari akwiye kuvuka nk'uruyoya rw'umuntu.**

**Kuko muri we [Kristo Yesu] ari ho haba ukunengesera  
kwose kw'Ubumana mu buryo bw'umubiri. –Ab'i Kolosayi 2:9**

# **YESU N'IMANA— AFISE ISHUSHO Y'UMUNTU**

**9**

**Ubwa mbere na mbere Jambo yariho, kandi Jambo yahoranye n'Imana, kandi uwo Jambo yari Imana....  
Kandi uwo Jambo yihaye umubiri, abana natwe....**

**—Yohana 1:1, 14**

**Ivyo vyose vyabaye birtyo ngo ivyo Umwami Imana yavuze...biboneke, ngo Raba, inkumi izotwara inda, ivyare umwana w'umuhungu, bazomwita Imanuweli, risobanurwa ngo Imana iri kumwe natwe. —Matayo 1:22, 23**

**Kuko umwana atuvukiye, duhawe umwana w'umuhungu; ubutware buzoba ku bitugu vyiwe; azokwitwa Igita-ngaza, Umujanama, Imana y'ubushobozi, Data wa twese ahoraho, Umukama w'amahoro.**

**—Yesaya 9:6**

# YESU KRISTO – IKIMAZI GITUNGANYE CADUTANGIWE

Umwe atigeze *kumenya* icaha....

–2 Ab'i Korinto 5:21

We nta caha *yakoze*....

–1 Petero 2:22



Nta kimazi umuntu yoshobora gutanga cari GITUNGANYE ngo gishobore gukuraho ivyaha.

**Kuko bidashoboka ko amaraso y'amapfizi n'ay'impene akuraho ivyaha.**

–Abaheburayo 10:4

Yesu ni we Mwagazi w'intama w'Imana. **“Nguyu Umwagazi w'intama w'Imana ukuraho icaha c'abari mw isi.”** –Yohana 1:29b

# YESU YATANZE UBUGINGO BWIWE KUGIRA NGO ADUKIZE

11

Yesu yabambiwe ku musaraba w'igiti kuko abantu b'inkazi bamwanka. Ariko urupfu rwiwe rwari mu migabo y'Imana. Yesu yatanze ubugingo bwiwe avyigombeye kugira ngo adukize ivyaha vyacu, wewe nanje. Yesu yaravuze ati: **Nta n'umwe abunyaka** [ubugingo bwanje], **kuko mburekura kubwanje; mfise ububasha bwo kuburekura, mfise n'ububasha bwo gusubira kubwabira.**

–Yohana 10:18

**TURACUNGURWA N'AMARASO Y'UMWAGAZI W'INTAMA W'IMANA**

**...Ivyo mwacungujwe...ntivyari ibishira, nk'ifeza canke izahabu, ariko mwacungujwe amaraso y'igiciro kinini, nk'ay' umwagazi w'intama utagira agasembwa canke ibara, ni yo ya Kristo.**

–1 Petero 1:18, 19

Nta bindi bimazi bishobora gukuraho ivyaha.

**12 Nuko none tumaze gutsindanishirizwa [kubarwa ko tugarorotse] n'amaraso yiwe, tuzorushiriza guheshwa na we gukizwa uburake bw'Imana.** –Abaroma 5:9

“Urahava uze unyibuke, Yesu, ah'uzozira mu bwami bwawe.”



Uyu mwambuzi yizeye Yesu agakizwa.

“...Ndakubwire ukuri: Uyu musu urabana nanje muri Paradiso.”  
–Luka 23:43



Uyu mwambuzi ntiyizeye Yesu, bituma adakizwa.

**...Kristo yadupfiriye tukiri abanyavyaha [tutumviye Imana].**  
–Abaroma 5:8

# **ABIZERA UMWANA W'IMANA BOSE 13**

## **BAFISE UBUGINGO**

**Kuko urukundo Imana yakunze abari mu isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ngo uwumwizera wese ntaze ahere rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira. –Yohana 3:16**

**Yadukijije ububasha bw'umwiza, atwimurira mu bwami bw'Umwana wiwe akunda. Mur' uwo ni ho dufise ugucungurwa, ni kwo guharirwa ivyaha vyacu.**

**–Ab'i Kolosayi 1:13, 14**



**Ariko umumarayika  
abwira ba bagore ati:  
Mweho ntimutinye, kuko  
nzi ko murondera Yesu,  
umwe yabambwa; ntari  
hano, kuko yazutse, nk’uko  
yavuze. Ngo murabe aho  
Umwami yari aryamye.**

–Matayo 28:5, 6



# YESU YAZUTSE AVUYE MU BAPFUYE 15

**“...Ndi muzima; nari narapfuye, kandi raba mpora ndi muzima ibihe bitazoshira, mfise impfunguzo z’urupfu n’iz’i kuzimu.”** –Ivyahishuwe 1:18

**“...Kuko ndiho, namwe muzobaho.”** –Yohana 14:19


Kuko Kristo yanesheje urupfu, akaba afise imfunguzo z’urupfu, ntitukiba dukwiye gutinya urupfu.

**Igihe cose ntinye nzokwizigira.** –Zaburi 56:3  
(Raba urupapuro rwa 46 kugira ngo ubone ayandi masezerano y’Imana.)

## YESU ASHOBORA KUGUKIZA KANDI ARAGUSABIRA

**Ariko uyo we, kuko yamaho ibihe bidashira,...ashobora gukiza rwose abashikira Imana kubwiwe, kuko na ntaryo yamaho ngo abasabire.** –Abaheburayo 7:24, 25

# 16 DUSHOBORA GUHABWA UBUGINGO BUDASHIRA, WEWE NANJE



Mbega WEHO ukurikira  
iyihe nzira?

Yesu Kristo ni we NZIRA ija  
ku BUGINGO budashira no  
ku kubana n'Imana.

Satani ni we nzira ija ku  
RUPFU rudashira.

Uyu muhungu ahisemwo neza inzira ija ku bugingo budashira.

**“...Uyu musu ni mwitoranirize uwo muzosaba....”**

–Yosuwa 24:15

**“...Nuko ni muhitemwo ubugingo, kugira ngo mubone kubaho, mwe n’uruvyaro rwanyu.”**

–Gusubira mu Vyagezwe 30:19

**YESU NI WE NZIRA IJA KU BUGINGO BUDASHIRA**

**Kandi nta wundi agakiza kabonerwamwo, kuko ata rindi zina musu y’ijuru ryahawe abantu dukwiye gukiri-zwamwo.**

–Ivyakozwe 4:12

**“Jewe, jewe nyene ndi Uhoraho; kandi nta wundi Mukiza atari jewe.”**

–Yesaya 43:11

# 18 N'IKI GITUMA DUKWIYE GUHITAMWO YESU NI TWAGOMBA UBUGINGO BUDASHIRA?

## 1. *Kristo ni we yaje.*

“...Nanje jeho nazanywe no kugira ngo zironke  
ubugingo....”

–Yohana 10:10



## 2. *Kristo ni we yadukunze akadupfira.*

...Umwana w'Imana yankunze,  
akanyigura. –Ab'i Galatiya 2:20

Yesu yabaye umuntu agira amaraso  
n'inyama nkatwe, ...ngo abone uko


**apfa, kandi urupfu rwiwe aruhindurisha ubusa uwufise 19  
ubushobozi bw'urupfu, ni we wa Murwanizi, kandi ngo  
arokore abajakariye ubwoba bw'urupfu bose, imisi yose  
y'ukubaho kwabo. –Abaheburayo 2:14, 15**

***3. Amaraso ya Yesu ni yo yonyene umuti udukiza  
ivyaha.***

**...Amaraso n'impongano [azana uguharirwa], kubw'  
ubugingo buri muri yo. –Abalewi 17:11**

**...Amaraso ya Yesu Umwana wayo atwoza icaha cose.  
–1 Yohana 1:7**

**Mur' uwo ni ho dufise ugucungurwa [ugukizwa], ni kwo  
guharirwa ivyaha vyacu. –Ab'i Kolosayi 1:14**



**4. Kristo ni we yazutse mu bapfuye.**

**...Tuzi yuko Kristo, amaze kuzuka mu bapfuye, atagipfa, urupfu rutakimuganza.**

**–Abaroma 6:9**

**Kandi icatumye apfira bose kwari ukugira ngo abariho babeho batacinezereza, ariko babeho banezereza uwa-bapfiriye, akabazukira.**

**–2 Ab'i Korinto 5:15**

**Yesu yaravuze ati: ...Kuko ndiho, namwe muzobaho.**

**–Yohana 14:19**

**5. *Dukwiye kuba dufise Mpwemu wa Kristo muri twebwe kugira ngo tuze tuzurirwe ubugingo budashira.*** **21**

**Kristo ari muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza.** **–Ab’i Kolosayi 1:27c**

**Ariko bisanzwe Mpwemu w’Iyazuye Yesu imukuye mu bapfuye aba muri mwebwe, Iyazuye Kristo Yesu imukuye mu bapfuye izozura n’imibiri yanyu ipfa, kubwa Mpwemu wayo aba muri mwebwe.** **–Abaroma 8:11**

**N’UMENYE NEZA KO MPWEMU  
WA KRISTO AKUBAMWO**

**...Iyo umuntu adafise Mpwemu wa Kristo ntaba ari uwiwe [ntari uwa Kristo].** **–Abaroma 8:9**

# UKO USHOBORA KURONKA UBUGINGO BUDASHIRA

N'ukurikire  
intambuko zita-  
ngira ku rupa-  
puro rwa 24.



N'umwana  
amenyekanira ku  
vyo akora....  
-Imigani 20:11

“Yes’ arankunda, ni we yampfiriye.”



**Maze Yesu arabahamagara ati: Ni mureke abana bato baze aho ndi, ntimubabuze: kuko ubwami bw’Imana ari ubw’ abameze bartyo.** –Luka 18:16

**Ni ko bidakundwa mu nyonga za So wo mw ijuru ko umwe mur’ abo bato apfa rubi [ashika mu muriro udashira].** –Matayo 18:14

Nta co bitwaye uw’uri we, canke ah’uba ah’ ari ho. Yesu aragukunda, kandi yaragupfiriye. Yesu agomba ko *nawe* umukunda. Ushobora kwerekana ko umukunda mu kumwumvira.

**“Ni mwankunda, muzokwitondera ivyagezwe vyanje.”**  
–Yohana 14:15

## **24 UKO USHOBORA KUBONA INZIRA IGUSHIKANA KU MANA**

**1. *Emera ko uri umunyavyaha (ko utumviye Imana).***

**“Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw’Imana.”**

**–Abaroma 3:23**

**2. *Egera Imana uciye muri Yesu Kristo.***

**Kuko hari Imana imwe, kandi hari Umuhuza umwe  
w’Imana n’abantu, na we nyene n’umuntu, ni Kristo Yesu.**

**–1 Timoteyo 2:5**

**Ni co gituma ashobora gukiza rwose abashikira Imana  
kubwiwe....**

**–Abaheburayo 7:25**

**Yesu yaravuze ati: ...Uwoza kuri jewe sinomuhinda na  
gatoya.**

**–Yohana 6:37**

### 3. *Wihane ivyaha vyawe.*

(Kwihana n'ukubabazwa n'ivyaha vyawe bituma wemera kubireka.)

**Nuko mwihane, muhindukire,  
ivyaha vyanyu bihanagurwe....**


–Ivyakozwe 3:19

**Umwami Imana...yihanganira  
mwebwe, ntigomba ko hagira  
abahona, ariko igomba ko bose  
bihana.**

–2 Petero 3:9

### 4. *Aturira Yesu ivyaha vyawe.*

(Kwatura n'ukubivuga, kuvyemera.)



Ni twatura  
ivyaha vyacu, ni  
yo yo kwizigirwa  
kandi igororoka,  
ivyo ni vyo bi-  
tuma iduharira  
ivyaha vyacu....

–1 Yohana 1:9

**26** Kur' iyi misitari andika amajambo yo muri 1 Yohana 1:9.  
Urayabona mw ishusho y'ibiganza iri ku rupapuro rwa 25.

---

---

---

---

**5. Reka ivyaha vyawe.**


(Kureka n'uguheba, kutabisubiramwo.)

**Uwupfukapfuka ibigabitanyo vyawe ntazonka umugisha, ariko uwuvyihana akabireka azogirirwa ikigongwe.**

–Imigani 28:13

**Tandukana n'ibibi, ukore ivyiza....**

–Zaburi 37:27



## 6. *Izera Yesu Kristo.*

27

...Ni waturisha akanwa yuko Yesu ari Umwami, ukizera mu mutima yuko Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzo-kizwa.

—Abaroma 10:9

Ubuntu ni bwo bwabakijije kubw' ukwizera;...n'ingabire y'Imana; ntivyavuye ku bikorwa, kugira ngo hoye kugira uwirarira.

—Abanyefeso 2:8, 9

...“Izere Umwami Yesu, urakira, mwe n'abo mu nzu yawe.”

—Ivyakozwe 16:31

**28** *7. Akira Yesu Kristo mu mutima wawe no mu bugingo bwawe.*



Ni wewe wenyene ushobora gukingura urugi rw'umutima wawe no kwinjiza Yesu. Yesu yaravuze ati: **Ehe mpagaze ku rugi, ndaramukije. Umuntu ni yumva ijwi ryanje, akugurura urugi, ndinjira i we, dusangire.**

–Ivyahishuwe 3:20

**“Ariko abamwakiriye bose yabahaye ububasha bwo gucika abana b’Imana, ni bo bizeye izina ryiwe.”**

–Yohana 1:12

Namba uba utigeze gusenga, kandi wumva ko ugomba uwugufasha gusenga, ushobora gukurikira isengesho ryanditswe hano hepfo, rikurongore:



**Mwami Yesu nkunda,**

**Ndagushimiye ko wampfiriye ku musaraba kugira ngo unkūremo ivyaha vyanje. Ndababazwa n'ibibi vyose nakoze. Ndagusavye kuza winjira mu mutima wanje, ukambamwo ibihe vyose. Ndakwizeye ubu nyene ngo unyoze umutima. Ndakwakiriye ngo ube Umukiza wanje n'Umwami wanje.**

**Ndabisavye mw izina rya Yesu. Amen.**

## **30 IGIHE UFISE YESU MU MUTIMA WAWU, UBA UFISE UBUGINGO BUDASHIRA**

**...Imana yaduhaye ubugingo budashira, kand' ubwo bugingo buri mu Mwana wayu. Uwufise Umwana wayu ni we afise ubwo bugingo....** -1 Yohana 5:11, 12

**...Uwumva ijambo ryanje, akizera uwantumye,...aba avuye mu rupfu, ashitse mu bugingo.** -Yohana 5:24

Igihe umubiri wawe upfira, uca uba mu nyonga z'Imana (2 Ab'i Korinto 5:8). **...Kristo ari muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza.** -Ab'i Kolosayi 1:27


Namba wamaze gusaba Yesu kuguharira ivyaha vyawe, kandi ukaba wizera Umwami Yesu Kristo ngo abe Umukiza wawe, andika izina ryawe hano kur' uyu musitari:

---



# UBURYO BWO GUKOMEZA GUKURIKIRA YESU

31



Soma imirongo yo muri Bibiliya (ni yo Jambo ry'Imana) imisi yose, uyihishe mu mutima wawe mu gufata mu bwenge imirongo igufasha. (Urabona imirongo myiza myinshi mur' aka gatabo.)

Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi bigira ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka.

-2 Timoteyo 3:16

# VUGANA NA YESU MU GUSENGA IGIHE IC'ARI CO COSE



*Kengurukira Yesu* ivyiza vyose biboneka mu bugingo bwawe. **Umushimire** ivyo yagukoreye vyose bo n'uko yagukijije umutima. **Sabira ico ukeneye cose.** Senga mw izina rya Yesu.

...Iyo dusavye ikintu cose gihwanye n'ivyo igomba, itwumva. –1 Yohana 5:14

“...Ni hagira ico musaba Data cose azokibaha mw izina ryanje.”

–Yohana 16:23

...Musengeranire.... –Yakobo 5:16

...Musabire ababahama. –Matayo 5:44

# ISENGESHO YESU YIGISHIJE ABIGISHWA BIWE

33

(Umwigishwa n'uwukurikira Yesu.)

Yesu yabwiye abigishwa biwe gusenga bartya:

**Data wa twese wo mw ijuru, izina ryawe ryubahwe, ubwami bwawe buze, ivyo ugomba bibe mw isi nk'uko biba mw ijuru. Uduhe ivyo kurya dukwiranye uyu musigashyamba; uduhebere imyenda yacu, nk'uko natwe twahebeye abari mu myenda yacu; kandi ntutujane mu bitwosha nabi, ariko udukize wa Mubi. Kuko ubwami n'ubushobozi n'icubahiro ari ivyawe ibihe bidashira. Amen.**

–Matayo 6:9-13

Ukwiye gufata iryo sengesho mu bwenge. Abakristo bakunda kurisengera hamwe bakoresha amajwi yumvikana.

# **34 IVYAGEZWE CUMI VY'IMANA BITWIGISHA UKO DUKWIYE KUMERA MU BUGINGO BWACU**

(Kuvayo 20)

## ***Ivyagezwe Bine Bibanza Bivuga Ivy' Uko Dukunda Imana***

- 1. Ntukagire izindi mana umbangikanya.**
- 2. Ntukibazire igishushanyo, canke igisa n'ishusho y'ikintu na kimwe...; ntuze uvyikubite imbere, ntuze ubisabe.**
- 3. Ntugapfe kuvuga izina ryanje, jewe Uhoraho Imana yawe, ku vy'ubusabusa.**
- 4. Wibuke kuziririza umusi w'isabato.**

## ***Ivyagezwe Bitandatu Bisigaye Bivuga Ivy' Uko Dukunda Abantu***

5. Wubahe so na nyoko.

6. Ntukice.

7. Ntugasambane. (Gusambana n'ukuryamana n'uwo mutarongoranye.)

8. Ntukibe.

9. Ntukagirize ibinyoma mugenzawe.

10. Ntukifuze... ikintu na kimwe ca mugenzawe.

## NI TWUMVIRA IMANA BITUMA DUHABWA IVYO DUSAVYE

Kandi ico dusaba cose tugihabwa na yo, kuko twitondera ivyagezwe vyayo, tugakora ibishimwa imbere yayo.

-1 Yohana 3:22

# IVYAGEZWE BIBIRI BISUMBA IBINDI VYOSE

## *Gukunda Imana*

1. [Yesu] aramwishura ati: Mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose n’ubugingo bwanyu bwose n’ubwenge bwanyu bwose. Iryo ni ryo rihambaye rya mbere.

–Matayo 22:37, 38

## *Gukunda Abantu*

2. Hari irindi rya kabiri rimeze nka ryo, n’iri: Mukunde bagenzi banyu nk’uko mwikunda.

–Matayo 22:39

Ivyagezwe Cumi vyose (ku mpapuro za 34 na 35) birapoperanijwe mur’ivyo Bibiri Bisumba Ibindi Vyose.



# URUKUNDO RUSUMBA IBINDI BINTU VYOSE

37

Igice gikuru kivuga ivy' urukundo

(1 Ab'i Korinto 13:1-8, 13)

<sup>1</sup>Naho novuga indimi z'abantu n'iz' abamarayika, ariko ntagira urukundo, noba ncutse umuringa uvuga, canke icuma kivuzwa kigasama. <sup>2</sup>Kandi naho nogira ingabire yo kuvugishwa n'Imana, nkamenya amabanga yose, n'ubwenge bwose, kandi naho nogira ukwizera kwose, ngashobora gukuraho imisozi, ariko ntagira urukundo, noba ndi ubusa. <sup>3</sup>Kandi naho notanga ivyanje vyose, ngo ngaburire aboro, kandi naho notanga umubiri wanje ngo nturirwe, ariko ntagira urukundo, nta co vyommarira. <sup>4</sup>Urukundo rurihangana, rugira neza, urukundo ntirugira ishari, urukundo

## 38

ntirwihayagiza, ntirwihimbaza, <sup>5</sup>ntirukora ibiteye isoni, ntirurondera ivyarwo, ntirwiciraho, ntirwiyumvira ikibi ku bantu, <sup>6</sup>ntirunezererwa ukugabitanya kw'abandi, ariko runezeranwa n'ukuri: <sup>7</sup>rurenzako muri vyose, rwizera vyose, rwizigira vyose, rwihanganira vyose. <sup>8</sup>Urukundo nta ho rushira. Ukuvugishwa n'Imana kuzokurwaho, ukuvuga izindi ndimi kuzogira iherezo, ubwenge buzokurwaho.

<sup>13</sup>None rero hagumyeho ukwizera, n'ivyizigiro, n'urukundo, ivyo uko ari bitatu: ariko ikibiruta n'urukundo.

### IMANA N'URUKUNDO

...Imana n'urukundo; kand' uwuguma mu rukundo aguma mu Mana, Imana ikaguma muri we. -1 Yohana 4:16



# YESU AGOMBA KO UMUSHINGIRA INTAHE MU BANDI

39



(ur' imuhira, canke mw  
ishuli, canke mu rusengero,  
ndetse n'ahandi hose)

Yesu yaravuze ati: **Ja i  
muhira i wawe mu b'i  
wanyu, ubabarire ivyo  
Umwami Imana igukoreye  
vyose, kand' ingene iku-  
giriye ikigongwe.**

—Mariko 5:19

# **40 UKO UMWANA W'IMANA W'UKURI AMENYEKANA**

**Nuko muzobamenyera ku vyo bama. –Matayo 7:20**


**Ariko ivyo Mpwemu yama n'urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa, ubugwaneza, ukwirinda.... –Ab'i Galatiya 5:22, 23**

## **UMWANA W'IMANA W'UKURI AHARIRA ABANDI**

**Kuko ni mwaharira abantu ivyaha vyabo, na So wo mw ijuru azobaharira namwe. –Matayo 6:14**

## **IBINTU NDWI IMANA YANKA**

**Amaso y'ubwibone n'ururimi rw'ibinyoma, n'amaboko avisha amaraso y'aberanda; n'umutima ugera imigabo mibi, n'ibirenge vyihutira kwirukira ikibi; n'icabona c'ibinyonma kivuga ivy'ubuhumvyi, n'uwuvyura imitongano mu bavukana. –Imigani 6:17-19**



Ivyo  
Mpwemu  
yama

Ibikorwa  
vy'aka-  
meremere

## IBIKORWA VY'AKAMEREMERE:

... Ubushakanyi, ibihumanya  
[n'ukuryamana n'uwo mutarongora-  
nye]... gusenga ibigirwamana,  
uburozi, ubwansi, ... uburake, ikeba...  
igono, kuborerwa, kudandahirwa,  
n'ibindi ben' ivyo... abakora ibisa  
birtyo ntibazoragwa ubwami  
bw'Imana. —Ab'i Galatiya 5:19-21

... Canke abagabo bendwa, canke  
abagabo bendana, canke ibisuma,  
canke abifuza....


—1 Ab'i Korinto 6:9, 10

## EMERA KO YESU AKWUZUZA MPWEMU WIWE AKAKOZA

Kandi bamwe muri mwebwe ni ko mwari muri: ariko mwaruha-  
giwe, ariko mwarejejwe... mw izina ru'Umwami Yesu Kristo no  
muri Mpwemu w'Imana yacu.

—1 Ab'i Korinto 6:11

# UMURIRO UDASHIRA N'AHANTU HARIHO VY'UKURI



**(Soma Luka 16:19-26.)**

N'umenye neza ko wizeye Yesu Kristo vy'ukuri. Azokwandika izina ryawe mu Gitabo ciwe c'Ubugingo.

**Kand' umuntu wese atabonetse ko yanditswe muri ca gitabo c'ubugingo atererwa mur' ico kiyaga caka umuriro.**

—Ivyahishuwe 20:15

# **YESU NI WE NZIRA IMWE YONYENE 43**

## **IJA KU MANA**

**...Imana yaduhaye ubugingo budashira, kandi ubwo  
bugingo buri mu Mwana wayo. -1 Yohana 5:11**

**Ingero y'icaha n'urupfu; ariko ingabire y'Imana n'ubugi-  
ngo budashira, bubonerwa muri Kristo Yesu Umwami  
wacu. -Abaroma 6:23**

**Uwizeye Umwana arafise ubugingo budashira, ariko  
uwutumvira Umwana ntazobona ubugingo, ariko uburake  
bw'Imana buguma kuri we. -Yohana 3:36**

**Yesu aramubwira ati: Ni jewe nzira n'ukuri n'ubugingo:  
nta wushika kuri Data ntamujanye. -Yohana 14:6**

## 44 MW IJURU N'AHANTU HARIHO VY'UKURI



Mu vyo Yohana yeretswe vyanditswe mu Vyahishuwe 21, yabonye ijuru risha n'isi nsha. [Imana] izohanagura amozosi yose ku maso yabo, kand' urupfu ntiruzoba rukiriho, kand' amaborogo no gutaka n'uburibwe ntibizoba bikiriho: kuko ivya mbere bishize. Ivyagira kuri ya ntebe iravuga iti: Raba vyose ndabihindura bisha.... . -Ivyahishuwe 21:4, 5

Yohana yabonye n'Umurwa Wera, wururuka uvuye mw ijuru. ... Umurwa wari izahabu ishize inkamba imeze nk'ibirahuri bishize inkamba nyene. Amatanguriro y'urugo rwa wa murwa yari asharijwe n'amabuye y'amoko yose y'utubuyenge tw'igiciro kinini.... . -Ivyahishuwe 21:18, 19

# **YESU YARAGIYE GUTEGURIRA ABAMWIZERA BOSE AHABO**

**45**

**“Ntimuhagarike imitima yanyu, mwizere Imana, nanje munyizere. I muhira kwa Data hari amazu menshi, iyo aba atariho, mba ndabibabwiye, kuko ngiye kubategurira ahanyu. Kandi ko ngiye kubategurira ahanyu, nzogaruka kubajana i wanje, ngo aho ndi namwe abe ari ho muba.”**

**–Yohana 14:1-3**

## **UMENYESHE ABANDI IZO NKURU NZIZA**

**Yesu yaravuze ati: Mugende muje mu bihugu vyose, mubwire abaremwe bose ubutumwa bwiza. –Mariko 16:15**

**...Uwufise ubwenge ahindura imitima y’abantu.**

**–Imigani 11:30**

# AMASEZERANO IMANA ISEZERANIRA ABANA BAYO

...Nta ho nzoguhemukira, nta ho nzoguta.

–Abaheburayo 13:5

Kuko azokuragiza abamarayika biwe, ngo  
bakuzigame mu nzira zawe zose.

–Zaburi 91:11

...Umve, ndi kumwe namwe imisi yose,  
gushitsa ku muhero w'isi. –Matayo 28:20

Ntutinye ivyo ugira ubabazwe....  
Wame uyoboka gushitsa ku gupfa,  
nanje nzoguha igitsibo c'ubugingo.

–Ivyahishuwe 2:10

Mpamagara, nanje nzokwitaba....

–Yeremiya 33:3





***Abantu bose*** bazozurwa bave mu bapfuye.

...Igihe kija kuza, aho abari mu mva bose bazokwumvira ijwi ryiwe, bakazivamwo; abakoze ivyiza bakazukira ubugingo, abakoze ibibi bakazukira gucirwako iteka. -Yohana 5:28, 29



***Abapfiriye muri Kristo*** bazobanza kuzuka.

...Maze natwe abazoba bakiriho, dusigaye, tuzoca duteruranwa na bo mu bicu, dusanganirire Umwami mu kirere. Ni ho tuzokwama tubana n'Umwami.

-1 Ab'i Tesalonike 4:17

...Mube maso, musenge; kuko mutazi igihe bizoshikira. -Mariko 13:33

**YESU AZOZA ATE?**

**Ehe arazanana n'ibicu, kand' ijisho ryose rizomwibonera....**

–Ivyahishuwe 1:7

Mwirinde abiyita kristo batari we, bo n'abahanuzi b'ibinyoma. ...Ni hagira umuntu ababwira ati: **Ehe Kristo ari hano, canke ati: Ari hariya: ntimuze muvyemere....Ni bababwira bati: Ehe ari mu bugaragwa, ntimuze mujeyo; canke, ngo Ari haruguru mu mpete, ntimuze muvyemere.**–Matayo 24:23, 26

**YESU AZOZA GITURUMBUKA ARI MU BICU VYO MW IJURU**

**Amoko yose yo mw isi...bazobona Umwana w'umuntu aje mu bicu vyo kw ijuru ari n'ububasha n'ubwiza bwinshi.**

–Matayo 24:30

# ZABURI Y'UMWUNGERE

(Zaburi 23)

**<sup>1</sup>Uhoraho ni we mwungere wanje, sinzokena.** <sup>2</sup>Amvya-giza mu canya c'ubwatsi butotahaye: andongorera i ruhande y'amazi adasuma: <sup>3</sup>Aremesha umutima wanje. Anyobora mu nzira zo kugororoka kubw' izina ryiwe.

**<sup>4</sup>Mbere naho noca mu mwonga w'igitutu c'urupfu sinzogira ikibi ntinya; kuko uri kumwe nanje; inyoboze yawe n'ubuhiri bwawe ni vyo bimpumuriza.** <sup>5</sup>Untegurira ameza mu maso y'abansi banje; wansize amavuta mu mutwe; igikombe canje kirasesekaye.

**<sup>6</sup>N'ukuri ivyiza n'imbabazi bizonyomako imisi yose y'ukubaho kwanje, nanje nzoba mu ngoro y'Uhoraho ibihe vyose.**

Published in numerous languages by World Missionary Press, Inc. as God supplies funds in answer to prayer. If you would like more copies for prayerful distribution, specify which language(s) you need and how many booklets.



**EHC Burundi**  
**B.P. 7425**  
**Bujumbura Burundi**

**E-mail: [ehcburundi2009@gmail.com](mailto:ehcburundi2009@gmail.com)**

Aka gatabo gatangwa ku buntu —  
ntigakwiye kugurishwa

[www.wmpress.org](http://www.wmpress.org)

11-22



Read booklets online or by App  
[www.wmp-readonline.org](http://www.wmp-readonline.org)

2219 Kirundi WTG

